ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№230 (23.138) • 2015 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 1, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №11-УГ-мкIэ къиштам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмрэ я лъэныкъуэкIэ и Къэрал саугъэтым теухуауэ» 2015 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №11-УГ-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Альтуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Беккиев М. Ю. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и «Къурш геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Езауэ А. Къ. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Инжыжокъуэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(Советым и секретарщ)*

б) Дзэмыхь Къ. ФI. щIэуэ ирата къулыкъум зэреджэр къэгъэлъэгъуэн - федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*;

в) Советым къыхэгъэкIыжын Бесчокъуэ Р. М., Къарэмырзэ Б. С., Таппасханов В. У., Устэ Д. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м*
*№170-УГ*

● Дыгъуасэ



# КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и уставыр къащтэ

**КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и зи чэзу 15-нэ зэхуэсыр дыгъуасэ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ 2015 гъэр Литературэм и илъэсу зэрагъэувам хыхьэу IуэхущIапIэм иужьрей мазиплIым къриубыдэу зэфIигъэкIахэм, зэгухьэныгъэм и уставыр къэщтэным.**

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Беппаев МутIэлип**. Президиумым исащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Тхьэгъэзит Юрэ**, усакIуэ **Зумакуловэ Танзиля**, профессор **ХьэкIуащэ Андрей**.

Иужьрей мазиплIым зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм я гугъу щищIым, Беппаев МутIэлип жиIащ республикэм и тхакIуэ цIэрыIуэхэр (ЩоджэнцIыкIу Алий, Гуртуев Берд, Кузьмин Валентин, Гуртуев Эльдар, КIуащ БетIал, Уэрэзей Афлик, нэгъуэщIхэри) къызэралъхурэ илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлIэу тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ къызэрытрагъэдзар, пшыхьхэр, конференцхэр, зэIущIэхэр зэрырагъэкIуэкIар. Апхуэдэу къыхигъэщащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Уммаев Мухьэжыр теухуа тхылъым и гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм ящыщу Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщызыгъэлъэгъуахэм ятеухуауэ Владикавказ щыщ я лэжьэгъухэм ягъэхьэзыр документальнэ фильмым зэрыхэтар, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и уставыр къызэхуэсахэм Iэ IэткIэ къащтащ. Беппаев МутIэлип тхакIуэ, мандат комиссэм и унафэщI Крушельницкий Валерий зэхыхьэм щритыжащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм зэрыхагъэхьам щыхьэт техъуэ тхылъыр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м юстицэмкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ Управленэм и лIыкIуэ Геляховэ Каринэ, Къумахуэ Мухьэдин, Зумакуловэ Танзиля, Крушельницкий Валерий, тхылъ тедзапIэм и унафэщI, лъахэхутэ Котляровэ Марие, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэм хэтахэм я упщIэхэм жэуап иратащ, къаIэта Iуэхугъуэхэм хэплъэнущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Мазибгъур къапщытэж

● КъБР-м и Правительствэм

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм щыхэплъа зэIущIэ махуэку кIуам иригъэкIуэкIащ.**



ДЫЗЭРЫТ илъэсым и блэкIа мази 9-м къриубыдэу КъБР-м и бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуар къигъэнэIуащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхь Заур**. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэм и хэхъуэр сом мелард 18-рэ мелуан 381,5-рэ мэхъу, процентkIэ къапщтэмэ - 74,6-рэ.

Бюджетым и процент 39,2-р налогыу къыхэкIаращ, налогым щымыщ хэхъуэр проценти 2,3-рэ, зымыгъэзэж мылъкур - процент 58,5-рэ. Республикэм и налог, налогым щымыщ хэхъуэр илъэс кIуам еплъытмэ, сом зы мелардрэ мелуан 16,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Мазибгъум къриубыдэу ар нэсащ сом меларди 7-рэ мелуан 615-м. Абы щыщу налог хэхъуэр нэхъыбэ хъуащ сом зы мелардрэ мелуан 56,7-кIэ икIи ар сом меларди 7-рэ мелуани 199,7-м нэсащ. Ар къахэхъуэну тращIыхьауэ щыта сом мелард 11-рэ мелуани 189,9-м и процент 64,3-рэ мэхъу.

Министрым къигъэнэIуащ мази 9-м къриубыдэу бюджетым къыхэхъуа мылъкум щыщу дэнэ сыт хуэдиз налог къикIами: IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я налогыу - сом мелуан 773,5-рэ (проценти 10,7-рэ); НДФЛ-у - сом зы мелардрэ мелуан 979,2-рэ (процент 27,5-рэ); акцизым къыпэкIуэу - сом меларди 2-рэ мелуан 853,2-рэ (процент 39,6-рэ); хэхъуэ зэхэлъу - сом мелуан 329-рэ (проценти 4,5-рэ); мылъкум техьэу - сом зы мелардрэ мелуан 231-рэ (процент 17); нэгъуэщI хэхъуэу - сом мелуан 304,8-рэ (проценти 4,8-рэ).

- 2015 гъэм и мази 9-м къриубыдэу республикэм налогым щымыщ и хэхъуэр процент 43,8-кIэ гъэзэщIа хъуащ. Илъэсым къыхэхъуэн хуейуэ ягъэува сом мелуан 948,8-м щыщу сом мелуан 415,3-р зэхуахьэсащ. Зымыгъэзэж мылъкуу бюджетым къыхэхъуащ сом меларди 10-рэ мин 766,5-рэ. Къыхэхъуэн хуейуэ ягъэувар сом мелард 12-рэ мелуан 506,4-рэ хъурт. Абы щыщу зэхуэзыгъэдэж дотацэм къыхэкIащ сом меларди 6-рэ мелуани 152,5-рэ, зэпэзыгъэшэчэж дотацэм - сом мелуан 287,1-рэ, - жиIащ Лыхьым. - Мылъкуу къагъэсэбэпащ сом мелард 20-рэ мелуан 39,1-рэ - планым и процент 62-р. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм текIуэдащ сом мелард 14-рэ мелуан 556,3-рэ, улахуэ тыным - сом меларди 2-рэ мелуан 398,9-рэ, цIыхухэм ядэIэпыкъуным - сом меларди 2-рэ мелуан 560,1-рэ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм - сом мелуани 143,9-рэ, стипендие тыным - сом мелуан 27,8-рэ, хущхъуэ къэщэхуным - сом мелуани 145,1-рэ, ерыскъыпхъэм - сом мелуани 141,6-рэ. Муниципалитетхэм бюджет зэхуаку трансфертхэр етыным текIуэдащ сом меларди 5-рэ мелуан 11-рэ. ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм ихьащ сом меларди 2-рэ мелуан 663,1-рэ. Нэхъыбэ дыдэ мылъку ятекIуэдащ егъэджэныгъэм - сом меларди 5-рэ мелуан 793-рэ, узыншагъэр хъумэным - сом меларди 4-рэ мелуан 463,9-рэ, социальнэ политикэм - сом меларди 3-рэ мелуан 317,8-рэ.

Лыхь Заур жиIащ зи гугъу ящI пIалъэм къриубыдэу республикэ бюджетыр сом мелардрэ мелуан 657,5-рэ зэрыщыщIар. Жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу КъБР-м и къэрал щIыхуэр сом меларди 7-рэ мелуан 996,4-рэ хъурт.

КъБР-м и къэрал чэнджэщэгъу **Къармокъуэ Хьэчим** жиIащ министрым къигъэнэIуа бжыгъэхэм арэзы укъызэрамыщIыр, республикэм и бюджетым къыхэхъуэ мылъкур мащIэу, ар зытрагъэкIуадэхэри тэмэму зэпэмылъытауэ къызэрилъытэр.

Лыхьым жиIащ КъБР-м и мызакъуэу зэрыкъэралу иджыпсту экономикэ щытыкIэ гугъу зэритыр, лъэпощхьэпо зэхуэмыдэхэм я зэранкIэ налог мылъкуу бюджетым къыхэхъуэн хуейр нэсу гъэзэщIа зэрымыхъур. Къыхигъэщащ Къармокъуэ Хьэчим къигъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэр зэрыщыIэр икIи абы и чэнджэщхэр къалъытэнуи къигъэгугъащ.

- IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я хэхъуэр куэдкIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуам къешэ а Iуэху зэIумыбзхэр. Псалъэм папщIэ, Русгидро, Сбербанк, Билайн, Мегафон IуэхущIапIэхэм хэхъуэ щIагъуэ яIэжкъым, - къыхигъэщащ Правительствэм и УнафэщIым.

Федеральнэ налог IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **КIэрэф Мурат** къыхигъэщащ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу КъБР-р налог къыхэхынымкIэ 6-нэ увыпIэм зэрыщытыр.

ЗэIущIэм къыщащтащ КъБР-м и къэрал хэщIапIэ (адреснэ) реестрым и программэр гъэзэщIа хъуным, федеральнэ хъыбарегъащIэ хэщIапIэ системэр (ФИАС) гъэлэжьэным, ар тэмэму къэгъэсэбэпыным теухуа «гъуэгу картэр». Абы теухуа проектыр ягъэхьэзыращ Федеральнэ налог IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и жэрдэмкIэ.

КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я IуэхухэмкIэ и министр **Бышэн Азрэт** тепсэлъыхьащ зы щIы Iыхьэ лIэужьыгъуэр нэгъуэщI лIэужьыгъуэм хуэгъэкIуэным теухуа проектым. Ар игъэхьэзыращ КъБР-м и Правительствэм. Апхуэдэу, Аруан къуажэм и администрацэм и лъэIукIэ щIы IыхьитI - гектари 5-рэ гектар 0,6-рэ хъухэу - иратынущ а щIыпIэм щаухуэ автодромым.

Министрым жиIащ Налшык дэт «Победа» кино-гъэлъэгъуапIэр федеральнэ мылъкум къикIыу республикэм и къэрал мылъкум зэрыхагъэхьэжынури. Iуащхьэмахуэ районым и уней мылъкум щыщу метр зэбгъузэнатIэ 538-рэ хъу пэшыр республикэм и къэрал мылъкум храгъэубыдащ. ДяпэкIэ ар къагъэсэбэпынущ республикэм и зэзыгъэкIуж хеящIэхэм.

КъБР-м и республикэ бюджетым щыщу муниципалитетхэм я бюджетхэм 2015 гъэм ягъэкIуэну субсидие щхьэхуэм къытеувыIащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор**. Субсидиер ягъэкIуэнущ «КъБР-м и цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщын» программэу 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьам хиубыдэ «КъБР-м унагъуэ зыухуагъащIэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщын» программэ гуэдзэным.

КъБР-м и архив Iуэхум зиужьынымкIэ 2014 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа программэм; архив дэфтэр ущэхуауэ щытахэр къызэIухыным е дэфтэрхэр ущэхуауэ зэрыщытынум и пIалъэр гъэIэпхъуэным и Iуэхум хэплъэ эксперт комиссэм зэхъуэкIыныгъэ зэригъуэтам тепсэлъыхьащ КъБР-м и архив IуэхущIапIэм и унафэщI **Щоджэн Щыхьым**.

КъБР-м узыншагъэр хъумэным зегъэужьынымкIэ 2020 гъэ пщIондэ лэжьэну къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ. Къапщтэмэ, дэфтэрыщIэ зэхагъэуващ Перинатальнэ центрыр ухуа зэрыхъунум теухуауэ.

- Абы и лицензэр дгъэIэпхъуащ 2016 гъэм и кIэ пщIондэ. Армырамэ, лицензэм и пIалъэр икIынут илъэс къэблагъэм и мэлыжьыхьым, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Шэт Ирмэ**.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Нобэ Налшык щокIуэкI «ЩIалэгъуалэр СПИД-м и бийщ!» Iуэхур

**Дыгъэгъазэм и 1-м, СПИД узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ защыхъумэнымкIэ, абыхэм япэщIэтынымкIэ центрымрэ ЩIэблэщIэ гвардием хэт волонтёрхэмрэ ирагъэкIуэкI «ЩIалэгъуалэр СПИД-м и бийщ!» Iуэхур.**

РЕСПУБЛИКЭР Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утым деж щIалэгъуалэр щызэхуэсынущ, СПИД-м пэщIэтыным и дамыгъэ пщэдэлъ плъыжьхэр ядэлъу. Центрым и IэщIагъэлIхэр тепсэлъыхьынущ а узыфэ шынагъуэм теухуауэ иджыпсту щыIэ щытыкIэм, апхуэдэуи абы зыщыхъумэным хуэфащэ гулъытэ хуамыщIыным къишэм.

СПИД-м ебэныным теухуа акцэр Прохладнэ щIыналъэм и муниципалитетым и жэрдэмкIэ а районми щекIуэкIынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ВИЧ узыфэм и зэранкIэ Урысейм илъэс къэс дунейм щохыж цIыху мин 25-рэ. «Роспотребнадзор» IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, а узыфэр зэфыкIыу нэхъапэм ятхахэм нэмыщI, 2015 гъэм цIыху мин 74-м ар къапкърыхьауэ къахутащ. Ар 2014 гъэм елъытауэ процент 12-кIэ нэхъыбэщ.

ВИЧ-р зэфыкIхэм я процент 30-м нэблагъэр мэпсэу, а узыфэр зэрапкърытыр ямыщIэу.

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***




### Къэрамыгъэшэнухэр ягъэнаIуэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир ищIа унафэм тету, ягъэмэщIэнущ Тыркум къэрашурэ Урысейм щащэ ерыскъыхэкIхэр.**

«Къедмыгъэшэнур сыт хуэдэ лIэужьыгъуэхэрами иджыри дубзыхупакъым, ауэ мэкъумэшхэкIхэм я гугъу пщIымэ, ар, япэрауэ, хадэхэкIхэрщ, къыкIэлъыкIуэу пхъэщхьэмыщхьэхэрщ, - жиIащ УФ-м и вице-премьер Дворкович Аркадий, абы теухуа зэIущIэ щригъэкIуэкIым. - Промышленнэ хьэпшыпхэмкIэ ди сатущIэгъу тыркухэм апхуэдэ зэкIэ япэдмыубыдыну ди мурадщ. Апхуэдэу щытми, ПромышленностымкIэ министерствэм къалэн щытщIащ, хуей хъужыкъуэмэ, къедмыгъэшэнухэр убзыхуауэ диIэн хуейуэ».

ХадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ ди къэралым къыщрамыгъэшэнур тхьэмахуэ зыбжанэ дэкIмэщ. Абы пIалъэ къыщIыхагъэкIар сату зыщIэхэм а Iуэхум зыхуагъэхьэзырын папщIэщ.

«Дэ къэдгъэхъу хъунукъым, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр ящIу уасэхэр драгъэуеиныр, ерыскъыхэкIхэр ди тыкуэнхэм щызэпэубыда хъуныр», - къыхигъэщащ Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм.

### Я деж щекIуэкIыну хуейкъым

**Германием хыхьэ Гамбург къалэм дэсхэр хуейкъым я деж Олимп джэгухэр 2024 гъэм щрагъэкIуэкIыну.**

А спорт махуэшхуэр я деж къыщызэрагъэпэщыным щIэхъуэпсу «къызэдэжэхэм» ящыщщ Будапешт, Париж, Лос-Анджелес, Рим къалэхэр икIи Гамбург ар къылъэмыгъэсыххэнкIи хъунщ. Апхуэдэу щытми, къалэ-къэралу къалъытэ а щIыпIэм щыпсэухэм ирагъэкIуэкIа референдумым къызэригъэлъэгъуамкIэ, джэгухэр я щIыналъэм щрагъэкIуэкIынымкIэ мыарэзыуэ къыщIэкIащ IэIэтым хэтахэм я процент 52-р. Абыхэм ямыдэххэр Гамбург къалэ администрацэм Олимп джэгухэм сом мелард 12,6-рэ тригъэкIуэдэну зэримурадым теухуауэ хэIущIыIу хъуа хъыбарырщ.

### НОБЭ

- **СПИД узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
- **Хоккейм и урысейпсо махуэщ.** Урысейм ХоккеймкIэ и федерацэм и унафэщI Третьяк Владислав къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ ди къэралым а махуэр 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ щагъэлъапIэ.
- **Къэзахъстан Республикэм щагъэлъапIэ я Япэ президентым и махуэр**
- **Исландием и щхьэхуитыныгъэм (1918 гъэ лъандэрэ) и махуэщ**
- **1800 гъэм** Вашингтон Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я къалащхьэу къалъытащ.
- **1917 гъэм** Тэрч-Дагъыстэн правительствэ къызэрагъэпэщат.
- **1945 гъэм** Париж (Франджы) къыщызэрагъэпэщащ ЦIыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэр (МДФЖ).
- Урыс математик цIэрыIуэ **Лобачевский Николай** къызэралъхурэ илъэс 223-рэ ирокъу.
- Къэрал къулыкъущIэу щыта, Маршал, Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь **Жуков Георгий** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.
- Адыгэхэм я блэкIар къэхутэжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыгъэкIа, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Алексеевэ Евгение** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
- Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **КIэш Антонинэ** къыщалъхуа махуэщ.
- УэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ **Сосмакъ Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.
- Композитор, АР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сихъу Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
- Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Джэш ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.
- Эстрадэм и театру Москва дэтым и унафэщI, УФ-м и цIыхубэ артист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хазанов Геннадий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Гу зылъытапхъэ

# Нэхъ пуду Iэ тевдзэну фыхуеймэ

Газетхэмрэ журналхэмрэ 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Iэ щIегъэдзынымкIэ урысейпсо махуипщI лэжьыгъэ 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 3 - 13-хэм ирагъэкIуэкI.

А зэманым къриубыдэу фэ къэралым, республикэм къыщыдэкI газет, журнал щхьэхуэхэм нэхъ пуду Iэ щытевдзэфынущ. А Iуэхутхьэбзэр къыщыфхуащIэнущ республикэм и дэтхэнэ пощт IуэхущIапIэми.

Фигу нэхъ ирихь къыдэкIыгъуэхэм Iэ тевдзэн Iэмалыр зыIэщIэвмыгъэкI!

***Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэ.***

## Ди газетыр къевгъэхьынумэ

Пощтым и лэжьакIуэхэм зэбграх нэужьым, ди газетым мазихым сом 839-рэ кIэпIейкIэ 88-рэ и уасэщ.

Пощт IуэхущIапIэхэм газетыр къыщыIахыж нэужьмэ, сом 569-рэ кIэпIейкIэ 97-рэ щIатыну аращ.

Зы мазэкIэ къаIэрыхьэн папщIэ газетым сом 95-рэ кIэпIейкIэ 50-рэ хуозэ.

**Ди индексыр 51531**

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

# Лъэпкъым ифI зэрехуэ

**Адыгэу зызылъытэжхэм ящыщщ ди унагъуэр. Ди нэхъыжьхэри дэри лъэпкъым и ехъулIэныгъэм, анэдэлъхубзэм и зыужьыныгъэм дыхуэлажьэу жыпIэ хъунущ. Ауэ щыхъукIэ, дэ фIыуэ долъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр, ди щIэщыгъуэу сыт щыгъуи доджэ икIи дыпоплъэ абы и къыдэкIыгъуэхэм.**

СЭ АДЫГЭБЗЭР илъэс зыбжанэ лъандэрэ щызогъэдж Наркъалэ дэт курыт школ №2-м. Къалэдэс сабийхэм ди анэдэлъхубзэм пщIэ зэрыхуащIыр зи фIыгъэхэм ящыщщ адыгэбзэкIэ къыдэкI ди газетыр. Ар куэдрэ дерсхэм къыщыдогъэсэбэп бзэр езыгъэджхэм, ди гъэсэнхэми лъэпкъ литературэмрэ анэдэлъхубзэмрэ фIыуэ егъэлъагъунымкIэ тегъэщIапIэ тщIыуэ. Сэбэп куэд къыщыдогъуэт газетым и напэкIуэцIхэу «Си еджапIэ - си къежьапIэ», «Шыхулъагъуэ», «ЦIыкIураш», нэгъуэщIхэми. Абыхэм еджакIуэхэм я дуней еплъыкIэр яузэщI, гупсысэр нэхъ куу ящI.

КъинэмыщIауэ, абы идогъуатэ ди щIыналъэм, къэралым, хамэ щIыпIэхэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм ятеухуа хъыбархэр. Апхуэдэу лъэпкъ тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм теухуа куэдым щыгъуазэ зыхудощI, «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм къытехуэ тхыгъэхэр къэдгъэсэбэпурэ. Псоми тфIэгъэщIэгъуэнщ «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым», «Махуэку», «ЩIыуэпсым и макъ», нэгъуэщI напэкIуэцI щхьэхуэхэри.

Сэ къызэрыслъытэмкIэ, «Адыгэ псалъэр» яIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ адыгэ унагъуэми. Лъэпкъым ифI зезыхуэ, и зыужьыныгъэм хуэлажьэ а газетым и къэкIуэнур дахэ ирехъу.

**БЖЭIУМЫХ Заремэ,**
*егъэджакIуэ.*
*Аруан район.*

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Къэрабгъэр япэ мауэ.**



● ЩIыхь



# «КъызэрыгуэкI» IэнатIэ щыIэкъым

**Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щэкIуэгъуэм и 20-м гуфIэгъуэ щIыкIэм иту щагъэлъэпIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр зыIэт лэжьакIуэхэр» етIуанэ республикэ зэпеуэм щытекIуахэр.**

ИДЖЫРЕЙ зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIауэ къалъытахэм яхэтащ IэнатIэу зэрахьэм гурэ псэкIэ бгъэдэт мотористхэр, шофёрхэр, слесархэр, электрикхэр, нэгъуэщIхэри. Зэпеуэм и жюрим хэтахэм текIуахэм я цIэ къыщраIуэм, ягъэлъапIэ дэтхэнэми и гъащIэмрэ и ехъулIэныгъэмрэ щыщу нэхъ къыхэгъэщыпхъэхэм я гугъу ящIащ.

Зэпеуэр къызэрагъэпэщащ «КъБР-м щыщ цIыхубз унафэщIхэм я зэгухьэныгъэ» щIыналъэ жылагъуэ организацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэмрэ. Зэхьэзэхуэр егъэкIуэкIынымкIэ жэрдэм зыщIауэ щытахэм къызэралъытэмкIэ, «къызэрыгуэкI» IэнатIэхэм я пщIэр къэIэтыжыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, псом япэрауэ щIалэгъуалэм дежкIэ.

- Мыбы хуэдэ гуфIэгъуэ Iуэхугъуэм хуэдэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономико-производственнэ гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэм шэч хэлъкъым, - къыщыхигъэщащ и пэублэ псалъэм КъБР-м и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и вице-президент, жюрим и унафэщI Гуэбэщ1ыкI Жантемыр. - Производствэм щыпажэ лэжьакIуэхэр щызэхуашэс, ахэр щагъэлъапIэ зэхыхьэхэр къызэгъэпэщыныр зэхэзыублэ цIыхухэм фIыщIэ хэха яхуэфащэу къызолъытэ.

Зэпеуэм щытекIуахэр утыку кърашэурэ, тыгъэ цIыкIухэмрэ дипломхэмрэ иратащ КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Тетуевэ Лаурэрэ республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Инжыджокъуэ Сэфарбийрэ.

- Дызэрыщыгъуазэщи, иужьрей зэманым ди республикэм и унафэщIхэм гулъытэ хэха зыхуащI унэтIыныгъэхэм ящыщщ производствэм пэрыувэ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэмрэ абыхэм я Iэзагъэм хэгъэхъуэнымрэ жэуаплыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэныр, - жиIащ Инжыджокъуэм, зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэр утыку къыщришэм. - Зыпэрыувэ IэнатIэм лъэныкъуэ куэдкIэ хуэхьэзыр IэщIагъэлIхэр димыIэу щIыналъэм и экономикэмрэ и промышленнэ производствэмрэ, нобэрей пщалъэхэм къитIасэрэ декIуу, ипэкIэ зыгъэкIуэтэн къару щыIэнукъым. Илъэс етIуанэ хъуауэ едгъэкIуэкI зэпеуэм «къызэрыгуэкI» лэжьыгъэу ялъытэхэм я пщIэр еIэт, апхуэдэхэм пэрыт IэщIагъэлIхэр егъэгушхуэ, дэ къыдэплъ щIалэгъуалэри гъуэгу захуэ трешэ.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэр екIу икIи щIэщыгъуэ ящIащ республикэм къыщацIыху артистхэмрэ творческэ лэжьакIуэхэмрэ ягъэзэщIа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ.



**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *трихащ*.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

# Хьэгъундокъуэ Яшар аргуэру хахыж

**Тырку Республикэм щылажьэ шэрджэс Хасэхэм я Зэхуэсышхуэ щэкIуэгъуэм и 29-м Анкара къалэ щекIуэкIащ. ЦIыху 870-м нэблагъэ щызэхуэса пэшым щIэсащ Тырку Меджлисым (Парламентым) и лIыкIуэхэри, парт унафэщIхэри, къалэ, вилайет зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ хасэ къудамэхэм я тхьэмадэхэри, хэкум икIа хьэщIэхэри.**

ЗЭХУЭСЫМ и къалэн нэхъыщхьэр арати, КАФФЕД-м и тхьэмадэр хахыжащ. А къулыкъур иджыри зэ пщэрылъ щащIащ Хьэгъундокъуэ Яшар, езыри абы дэщIыгъу гупри тэмэму зэрылэжьар къалъытэри. КАФФЕД-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтынухэри къагъэлъэгъуащ. «Мызыгъуэгум щIалэгъуалэ нэхъыби, бзылъхугъэ зыбжани хэдгъэхьащ лэжьакIуэ гупым, си гугъэщ абыхэм я гупсысэщIэхэмрэ жыджэрагъымрэ ди Iуэхур ягъэкIуэтэну», - къыджиIащ ДАХ-м и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Бырс Реджаи.

КАФФЕД-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и япэ зэIущIэм тхьэмадэ къуэдзэу щытынухэр щыхахынущ, къудамэхэр ягъэпсынущ, абы щылэжьэнухэр ягъэнэIуэнущ.

ЗэIущIэм хэтахэм Хьэгъундокъуэ Яшар фIыщIэ яхуищIащ я дзыхь къызэрырагъэзам папщIэ икIи жиIащ, и гъусэу хахахэр и дэIэпыкъуэгъуу, Тыркум щыпсэу шэрджэсхэм я Iуэху дэкIын, я бзэр, хабзэр, щэнхабзэр яхъумэжу псэун папщIэ хузэфIэкI зыри къызэримыгъэнэнур, апхуэдэуи Дунейпсо Адыгэ Хасэм купщIафIэу дэлэжьэну зэримурадыр къыхигъэщащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**



# Зэрызэдэлэжьэну щIыкIэр яубзыху

**КъБР-м и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм тхьэмахуэ кIуам кърагъэблэгъащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щылажьэ «Архъыз 24» телекомпанием и лIыкIуэхэр. IуэхущIапIэм и унафэщI Казаковэ Аннэ и гъусэт я продюсер Паченкэ Андрейрэ хъыбарыщIэхэр зыгъэхьэзыр гупымрэ. Ахэр махуищкIэ Налшык щыIащ.**

Я IЭНАТIЭМ хуэдэхэр гъунэгъу республикэм зэрыщылажьэр, ахэр зыхунэсыр зрагъэщIэну хьэщIэхэр хуейт. Апхуэдэуи абыхэм я гулъытэр нэхъ хуэгъэзат сыт хуэдэ техникэрэ IэщIагъэлIхэмкIэ ди телевидениехэр къулейми.

«Налшык» ОРТК-м и унафэщI Вэрокъуэ Владимир хьэщIэхэр и IуэхущIапIэм щригъэблэгъам къыхигъэщащ ирагъэжьа Iуэхугъуэр зэрыщхьэпэр, зэгъунэгъу щIыналъэхэр я зэфIэкIхэмкIэ сыт щыгъуи зэдэгуэшэн хуейуэ къызэрилъытэр.

- «Архъыз 24»-р мы зэманым Урысейм иIэ канал нэхъыфIхэм ящыщщ, - жиIащ Вэрокъуэм. - Иджырей мардэм тету лажьэ а IуэхущIапIэр дэ къызэрытхуеблэгъар ди гуапэщ. Мы Iуэхугъуэр ди закъуэ къару мыхъуу, Кавказ Ищхъэрэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэгухьэныгъэм къыддиIыгъащ. ХьэщIэхэм я нэтынищ къытхуашащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и телекомпаниехэм щыдгъэлъэгъуэн мурадкIэ. Дэри ди нэтынхэр Къэрэшей-Шэрджэсым едгъашэурэ абыкIи къыщату зэтедублэфамэ, хъарзынэ хъунут. Апхуэдэуи ди IэщIагъэлIхэмкIэ дызэхъуажэ хъуну къысщохъу. Псалъэм папщIэ, зы редактор е режиссёр пIалъэкIэ ди телевиденэм щылэжьэну абы къыдиту, апхуэдэ дыдэу дэри ди лэжьакIуэ Къэрэшей-Шэрджэсым яхуэдгъакIуэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэрызыдужьыну гъуэгу дытеувэну къызолъытэ.

- Дэтхэнэ щIыналъэ телерадиокомпанием иIэщ и лэжьыгъэр зэрырагъэфIакIуэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ. АбыхэмкIэ зыр адрейм дыдэгуашэмэ, шэч хэмылъу, щхьэж и лэжьыгъэм нэхъри зиужьыну аращ. Мы ди къэкIуэгъуэм Iуэху зэрызэдэтщIэну щIыкIэхэр дубзыхуу ахэр зэрызэдгъэхъулIэнум дегупсысыну арагъэнщ дызыхунэсынур, - жиIащ Казаковэ Аннэ. - Пэжыр жыпIэмэ, мы зэманым дэ дызэрылажьэр ди щыуагъэхэм «дагъэIущыж» хуэдэурэщ. Абы нэхърэ Iуэхум хэзыщIыкI, а IэнатIэм щефIакIуэ «ди гъунэгъухэм» я зэфIэкIым дыкIэлъыплъмэ нэхъыфIу къызолъытэ.

Казаковэ Аннэ ягъэхьэзыр нэтынхэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ. Бзылъхугъэм къыхигъэщащ кадрхэмкIэ телеканалыр гугъуехь зэрыIууэри, а IэщIагъэм хуеджа лэжьакIуэхэр къазэремэщIэкIри.

Абыхэм емылъытауэ, «Архъыз 24»-м игъэхьэзыр программитIым иджы дыдэ «Федерация» телевизионнэ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэхэр къыщыхуагъэфэщащ: «ЗэвгъэцIыху: Къэрэшей-Шэрджэс» документальнэ фильмыр «Бренд региона» Iыхьэм телепроект нэхъыфIу къыщалъытащ, «Большая страна – узнай больше» Iыхьэм «Поехали» и нэтыныр пашэ щыхъуащ. Иужьрейр «ТЭФИ-Регион» къэрал саугъэтыр къэхьыным мы гъэм хущIэкъунухэм ящыщ зыщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и унафэщI Фырэ Руслан къыхигъэщащ щIыналъэхэм я рекламэхэмкIи IуэхущIапIэхэр зэдэгуашэ зэрыхъунур.

«1 КъБР» телекомпанием и унафэщI Къардэн Аслъэн жиIащ сыхьэт 24-кIэ лажьэу ди телевиденэр зэтеухуа хъунымкIэ «Архъыз 24» телеканалым и лIыкIуэхэм я деж чэнджэщхэр щигъуэтыну зэрыщыгугъыр.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым Вэрокъуэ Владимир жиIащ нэтынхэм къищынэмыщIа, телефильмхэми дяпэкIэ гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын зэрыхуейр, абы телеканалхэм я пщIэр нэхъ къызэриIэтынур.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтыр* **Мамий Руслан** *трихащ*.



# Кадастр инженерхэр ягъэхьэзыр

«Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ 2011 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ кадастр лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIыну хуитыныгъэ зиIэр кадастр инженеру зэрыщытымкIэ аттестат зрата цIыху щхьэхуэхэрщ. Кадастр инженерым и лэжьыгъэр щIы Iыхьэхэм я гъунапкъэхэр убзыхунырщ, щIы Iыхьэхэм я зэпылъыпIэхэм я планхэр зэхэлъхьэнырщ икIи щIыр зи мылъкуу щытхэм я цIэкIэ къэралым итхын папщIэ зыхуеину документ псори гъэхьэзырынырщ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, кадастр инженерыр щIыр зи мылъкумрэ Кадастр палатэмрэ зэпызыщIэ дэлэлщ.

Кадастр инженерхэр, абыхэм ятеухуа зыхуеину Iуэхухэр кадастр инженерхэм я къэрал реестрым итщ. Абыхэм Iуэхутхьэбзэ къезыгъэщIэну дэтхэнэ зыми зыхуей инженерыр къыхих икIи кадастр инженерхэм я къэрал реестрым къыхатхыкIа тхыгъэм щыгъуазэ зыхуищI хъунущ.

Кадастр инженеру лэжьэну хуейхэм экзаменхэр къыIихынымкIэ икIи аттестатхэр етынымкIэ къэрал властым и уполномоченнэ органу республикэм щыIэр КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэрщ. Дызэрыт илъэсым щыщу блэкIа мазипщIым къриубыдэу кадастр инженер IэщIагъэр зэраIэмкIэ абы экзаменхэр щатри аттестатхэр къыIахыжащ республикэм щыпсэу цIыху 15-м.

**Кадастр инженер IэщIагъэмкIэ экзаменхэр зытыну хуей псоми министерствэм екIуалIэу лъэIу тхылъ ират хъунущ. Кадастр инженер IэщIагъэмкIэ экзаменхэр къыщыIах «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм. ХэщIапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Циолковскэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 7. Телефоныр: 8(8662) 40-85-57.**

● ЗэIущIэхэр

# Зи къару емыблэжахэр

**Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и VII отчет-хэхыныгъэ конференцыр иджыблагъэ зэхэтащ. Ар илъэситхум зэ ирагъэкIуэкI.**

АБЫ ХЭТАЩ IуэхущIапIэм районхэмрэ къуажэхэмрэ щиIэ къудамэхэм я лIыкIуэу 148-рэ. Апхуэдэу зэхыхьэм кърихьэлIат КъБР-м и Правительствэмрэ министерствэхэмрэ къикIа къулыкъущIэхэр, профсоюз лэжьакIуэхэр, депутатхэр, район унафэщIхэм я къуэдзэхэр.

Ветеранхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд илъэситхум зэфIагъэкIахэм тепсэлъыхьащ, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къилъытэхэми я гугъу ищIащ.

- Дызытепсэлъыхь пIалъэм кърибыдэу сом мелуан 16-м нэблагъэ хуэдутIыпщащ унэхэр зэгъэпэщыжыным, илъэситIым и кIуэцIкIэ цIыху 252-м унэ-лъапсэхэр иратащ. А къалэнхэр КъБР-м УхуэныгъэмкIэ и министерствэм и пщэ щыдалъхьэм, иджыри ветеран 29-м зыщIэсын яIэ хъуащ. Мы зэманым, къызэрыдбжамкIэ, цIыху 18 чэзум щытщ. Къыхэгъэщыпхъэщ республикэ унафэщIхэми ди нэхъыжьыфIхэм хъарзынэу зыкъызэрыщIагъакъуэр. Ди зэгухьэныгъэм хэтхэр жыджэру ядолажьэ нэхъыщIэхэм: ахэр ныбжьыщIэхэм яIуощIэ, йопсалъэ, Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм зэдыхэтщ, - жиIащ Шыхъуэбахъуэм. Тхьэмадэм жиIам и щыхьэту Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ № 9-м и гъэсэнхэр усэхэмрэ уэрэдхэмкIэ нэхъыжьхэм яхуэупсащ.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэхэр къыщагъэлъэгъуащ ревизэ комиссэм и унафэщI Сасыкъ Марие, зауэм и ветеранхэм я Налшык къалэ советым жэуап зыхь и секретарь Сапрыкинэ Раисэ, республикэ зэгухьэныгъэм зауэмрэ дзэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэмкIэ и комитетым и унафэщI Романенкэ Борис, Шэрэдж районым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Чеченов Георгий, нэгъуэщIхэми.

Сапрыкинэ Раисэ къытеувыIащ ветеранхэр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэ зыбжанэм. «Зауэм и ветеранхэм я Налшык къалэ советым жэпуэгъуэм и 14-м VIII отчет конференцыр едгъэкIуэкIащ. ЦIыхуи 195-рэ къызэкIуэлIа зэIущIэм нэхъыжьхэм къыщыхагъэща гукъеуэхэм фыщызгъэгъуэзэнут. Абыхэм яхэтщ илъэс 20-кIэ, 40-кIэ зы IэнатIэм Iуту лэжьа, ауэ «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр нобэр къыздэсым зрамыта. НэгъуэщI гукъеуэщ дохутырым деж кIуэн щхьэкIэ япэщIыкIэ талон къащтэн зэрыхуейр. Поликлиникэм талоным щхьэкIэ кIуэну къохьэлъэкI. Мы ди зэIущIэм КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирми щIэсщи, зыхуэзгъэзэну сыхуейт. Ди зэгухьэныгъэм ветеран мин 26-рэ къызэщIеубыдэри, 186-р Хэку зауэшхуэм хэтащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, жэпуэгъуэм и 14-м ирихьэлIэу псори къыщытпщытэжым, а бжыгъэр 175-рэ фIэкIа хъужтэкъым. Апхуэдэ цIыхухэм тлъэкIымкIэ защIэдгъэкъуэныр дэтхэнэми ди къалэн нэхъыщхьэу къысщохъу», - жиIащ Сапрыкинэ Раисэ.

ЗэIущIэм Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд щыхахыжащ Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу.





**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ*.

● ЩIэныгъэ

# ЕхъулIэныгъэм ухуэзышэ Iэмалхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Университетхэмрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ IэнатIэхэмрэ я щIэныгъэ мылъкум епха политикэр» лъэпкъ семинарыр.**

АБЫКIЭ хъыбар къыдигъэщIащ а еджапIэ нэхъыщхьэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Дол Иннэ. КъБКъУ-м и унафэщIхэм, егъэджакIуэхэм нэмыщI, семинарым и лэжьыгъэм хэтащ Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ – Алание республикэхэм я лIыкIуэхэр, ЩIэныгъэ зэфIэкIхэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОИС) и IэщIагъэлI Грибков Илья, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ ГъукIэпщокъуэ Сэфарбий сымэ, нэгъуэщIхэри.

ВОИС-рэ «Роспатент» федеральнэ къулыкъущIапIэмрэ къыдаIыгъыу КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэща зэIущIэр къызэIуихащ университетым и президент **Къарэмырзэ Барэсбий**. Абы къыхигъэщащ семинарым къыщаIэта Iуэхугъуэм ди еджапIэ нэхъыщхьэм мыхьэнэшхуэ зэрыщиIэр икIи апхуэдэ зэIущIэ КъБКъУ-м япэу зэрыщекIуэкIри зэригуапэр. Абы и псалъэхэм пищэу, зэIущIэм къыщыпсэлъащ **ГъукIэпщокъуэ Сэфарбий**.

- Дэтхэнэ къэралми илъ щIэныгъэ мылъкум мыхьэнэшхуэ щиIэщ абы экономикэ и лъэныкъуэкIэ игъуэт зыужьыныгъэм. ЩIэныгъэ куу убгъэдэлъыным жылагъуэм пщIэ лъагэ щигъуэтыж иджырей лъэхъэнэм нэрылъагъущ техникэ, технологие пэрытхэр къызэгъэпэщыным ар лъабжьэ быдэ зэрахуэхъур, - жиIащ ГъукIэпщокъуэм.

КъБКъУ-м инновацэ лэжьыгъэхэмкIэ и проректор, «ЩIэдзапIэ» бизнес-инкубаторым и унафэщI, химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Малкандуев Юсуф** зэхуэсым кърихьэлIахэр щыгъуазэ хуищIащ университетым иужьрей лъэхъэнэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм, абыхэм хуэзыша Iэмалхэм, апхуэдэуи щIыналъэм щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэщIэхэми тепсэлъыхьащ. Абы зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ зэIущIэхэр хуабжьу сэбэпышхуэщ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ. А Iуэхум хуэгъэпсауэ щытынущ КъБКъУ-м нэгъабэ къыщызэрагъэпэщауэ щыта Технологие-щIэхэмрэ инновацэхэмрэ дэIыгъынымкIэ центрым (ЦПТИ) и лэжьыгъэри.

Семинарым жыджэру хэтащ ВОИС-м и IэщIагъэлI **Грибков Илья**. Ар тепсэлъыхьащ зи лIыкIуэ IуэхущIапIэм щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

ЕЛГЪЭР Кашиф

Литературэм и илъэс 2015

# КIуащ БетIал теухуа гукъэкIыжхэмрэ абыхэм къакъуэжа къуэпс гуэрхэмрэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№223-225, 227-хэм итщ).*



**БетIал.** *1954 гъэ*



**И усэщIэм Шортэн Аскэрбий къыхуоджэ.** *1956 гъэ, дыгъэгъазэм и 11*

АГУНЫКЪУЭГЪУЭРИ зэриIэрагъэнт а гъэмахуэ дыдэм абы тIэкIу си жагъуэ къиищIынри къызыхэкIар. Пэжыр умыбзыщIмэ, БетIал лажьэ иIэтэкъым - къуаншэр сэрат: изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым жыхуаIэм ещхь сыхъури...

Илъэс псокIэ сыкъэтауэ сыкъэкIуэжати, дыдейхэми сэри дуней гуфIэгъуэр диIэт. ЗызэщыдгъэнщIыжыртэкъым. Ауэ, си лъэри убыдыгъуейти, пщIантIэм сыдэзагъэртэкъым: школри, си ныбжьэгъухэри, къалэри зэщIэзгъэхьэрт. Ар зи гуапэ мыхъу дыдейхэм зыкъысхуагъэгусэрт, гу къысщахуэжыртэкъыми, пщIантIэм сыдагъэкIынутэкъым. АрщхьэкIэ саIэщIэкIырт. ЗызгъэщIагъуэу цIыхум закъезгъэлъагъун хуейкъэ?! ТхакIуэхэм я союзри, редакцэхэри, радиори - сыздынэмыс щымыIэу псори къызэхызожыхь, БетIал и чэнджэщрэ и псалъэкIэ ахъшэ къызолэжь. Бубэ махуэ къэс сыбгъэдэлъадэркъым. АтIэми, ар ТхакIуэхэм я союзым щылэжьэжыркъым - пединститутым игъэзэжыпащ. Абы и пIэм ЩоджэнцIыкIу Iэдэм иувэжащ. Зым и гуэныхьи сыткIэ сыхуей? Ар си жагъуэ хъуауи си гуапэу щытауи щIысхужымыIэнур Къардэн Бубэ къысхуищIахэр сщыгъупщэжауэ аракъым - Iэдэми и Iей лъэпкъ зэи слъэгъуакъым. Ауэ, си напщIэ телъ зэпытыр БетIал къызэрысхущытаращ. Абы къызэрызжиIэмкIэ, Iэдэми Буби лажьэ яIэкъым: тIури лIыфIщ, тхакIуэфIщ, цIыху хъарзынэщ. Бубэ и хъарзынагъыр фIыуэ згъэунэхуакIэт, Iэдэм щхьэкIи БетIал жиIэхэр зэрыпэжыр си нэгу щIэкIыу хуежьащ: а лэжьапIэм сыщIэлъадэрейт. КъыфIэбгъэкIмэ, абыхэм сахэмыхьауэ къалэм зэи сыдэкIыжыртэкъым. Щхьэлыкъуэрэ Налшыкрэ яку дэлъ гъуэгуанэр сэркIэ зыми щыщыжтэкъым; игъащIэм симыIа лъакъуэрыгъажэ зыкъизых къэсщэхуат, ари къызэрымыгуэкIыу, спидометри уэздыгъи тетыжу. Ар къызэзыгъэлэжьари Iэдэмрэ БетIалрэт. ТхакIуэхэм я союзым Iэрытх куэд къыIэрыхьэу щытащ. Мис ахэр къуатырт, ухагъэаплъэрти, къызэрыпщыхъуар уагъэтхыжырт. А лэжьыгъэм ахъшэ хъарзынэ къызэрыпэкIуэр япэ дыдэу зэрызгъэунэхуами, иужькIи а къигъэхъуапIэм Iыхьэншэ сыщымыхъуу зэрекIуэкIами Iэдэм и фIыщIи хэлъщ. Абы апхуэдэ гулъытэ зылъигъэсыр си закъуэтэкъым - «Iуащхьэмахуэ» журналыр къызэрагъэпэща нэужьи абы щылажьэ щIалэхэм а рецензэхэмкIэ е подстрочникхэмкIэ щIэх-щIэхыурэ зыгуэр къыдигъэлэжьу щытащ. Абыхэм сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ икIи Iэдэм теухуа гукъэкIыжхэм щыстхыжащ. НтIэ, зэрыжысIауэ, лъакъуэрыгъажэ шу сыхъуати, дэнэкIи псынщIэу сынэсырт. Пэжщ, си щхьэм къыхуэсщэхуа хуэдэу щыт а «шы» лъакъуитIым нэхъыбэрэ тесыр сменэкIэрэ къалэм щылажьэ си къуэш нэхъыжь Хьэчимт. Абы и жэщ кIуэгъуэхэм дежт сэ а «гъущIышыр» махуэм къыщыслъысыр.

Дыдейхэр, псом хуэмыдэу Дотрэ Нанэрэ, ахьей къысщыгуфIыкIрэт зэщыхуэпыкIауэ Москва къикIыжащ жаIэрти. Ари хьэхрэ-щIыхыу! Зы илъэс фIэкIа емыджа Чачиф, НэфIыцIэ (ахэрат а тIур къызэрызэджэр) зэрыхъуар ягъэщIагъуэрт. МылIэр лIы мэхъу щIыжаIэращи, тхъупсыр къызагъэжэх. Пэжщ, а илъэсыр, псом хуэмыдэу япэ мазэхэр, зэресхьэкIам ехьэлIауэ зыгуэрхэр щажесIэжам къыстегъахэт. Си Iуэхур зыIутыр зэращызбзыщIам щхьэкIи къызэшхыдат. Ауэ а псори блэкIат. Иджы ялъагъур нэгъуэщIти, щытхъу егъэлеякIэ срамыхьэжьэн, а къызэхъулIахэр си закъуэ IуэхукIэ къызэрызмыхьар къагурыIуэн папщIэ зи сэбэп къызэкIахэм, ноби зи нэIэ къыстетхэм я хъыбарыфI щажесIэм, гупсэхуу къызэдэIуа ди адэм:

- Уэ лIо абыхэм яхуэпщIэжыфар? - жеIэри сыкъегъэуIэбжь.

- ЛIо сэ абыхэм яхуэзбгъэщIэфынур?

- НытIэ, къэхь фIэкIа мэхь зымыщIэж щыIэ? - жиIэурэ къызошхыдэ.

Дот абыхэм нэхъ гуауи зэхызигъэхауэ, игъащIэм Iэпи къыстрилъхьауэ сщIэжыркъым...

- Абыхэм хуэдэу умылIышхуэми яхуэпщIэфыни щыIэщ, тIасэ. ЦIыхуу укъэзылъытэм уи гулъыти илъагъун хуейщ, - жеIэ Дот. - А зи гугъу къытхуэпщIахэр мыхъуамэ, уи тхыгъэхэр къытрадзэу, Москва еджакIуэ укIуэу, абы игъащIэм умылъэгъуа щыгъынхэмкIэ зыщыпхуапэу, дунейм тет хьэпшыпыр къытхуэпхьу, Хьэчим лъакъуэрыгъажэ нэгъунэ къыхуэпщэхуу, а псом ящIыIужкIэ, еджэн къыумыух щIыкIэ ахъшэ хъуши къытхуэпхьыфу ухъуну пIэрэт? Мис апхуэдэхэр пщыгъупщэмэ, фэ къуаплъынукъым...

- Сэри ахэр зыщызгъэгъупщэну си гугъэкъым. Ауэ иджыпсту лIо сэ абыхэм яхуэзбгъэщIэнур? ЛIо, зо?

- ЯхуозгъэщIэнур пщIэркъэ? Ди унэ къозгъэшэнурэ, ди шыгъупIастэ езгъэшхынущ. Армыхъумэ, сэри къызгуроIуэ ахэр дэ хуэтщIэнум зэрыхуэмыныкъуэр... Джэдкъаз ди куэдщ. Зы мэл къэтщэхунщи... ХьэщIэхэм ябгъэдэсыни диIэщ, - Iэджэ къызжеIэ Дот. Абы дыпэпсэлъэж ди хабзэтэкъыми, унэм ису хъуар арэзы тохъуэ ди адэм и унафэм.

Сэ гупсысапIэ сыхохуэ: япэрауэ, къезджэнур хэт сымэ? Сэ зи сэбэп къызэкIахэр куэд мэхъу: КIуащ БетIал, Къущхьэ СулътIан, ТIыхъужь Зэмахъ - ахэращ зи фIыгъэр нэгъабэ си усэхэр къызэрытрадзауэ щытар. ТхакIуэхэм я союзым япэ дыдэу сыщыкIуами, иужькIи зи чэнджэщ щхьэпэхэр къызэзыхьэлIа ЩоджэнцIыкIу Iэдэмщэ? Къардэн Бубэ къысхуищIахэр-щэ? Институтым сыщIэтIысхьэн щхьэкIи, сыщIэмыпхъуэжу абы сыкъыщIэнэн щхьэкIи?.. Абы и дэIэпыкъуэгъуу... и ахъшэу слъэгъуа къомыр мыхъуатэмэ... Теунэ Хьэчим и гулъытэхэр зыщыбгъэгъупщэ хъуну?.. Дэнэ, дэнэ - куэд мэхъу ахэр. А псор Дот къыщыхуезбжэкIым, а къомыр гъэхьэщIэгъуафIэ зэрымыхъунур щыжысIэм:

- А псоми я сэбэп къыщокIым ахэр пфIэкуэдакъыми, мобы къысхуищIащи куэдщ жыпIакъыми... Уи сомыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр пуд хъунущ. Ар дапщэрэ вжесIэрэ? - адэкIэ сыпэрыуэжыфыркъым ди адэм. Ар захуэт. Сызэгупсысыр етIуанэрат: ахэр Щхьэлыкъуэ къысхуэкIуэну? КъимыдэкIэ, къысхуэкIуэпауи сощIри, пхузэхэсыну? Абыи хэкIыпIэ къыхуегъуэт ди адэм:

- Нэхъыжьхэр щхьэхуэу, щIалэм щIалэ и Iуэхущ, жи, ахэри щхьэхуэу щысынщ.

А псор схузэхуэмыгъэхъуу Iэджэрэ сегупсыса нэужь, мыхъур щыхъуж БетIал сечэнджэщыну мурад сощIри:

- Уи адэм Тхьэр арэзы къыхухъу. ГукъэкIыфI ищIащ. Ауэ... а къысхуубжэкIа псор Щхьэлыкъуэ дауэ пшэн?

- ТаксиитI-щы къэсщтэнщи... - ущхьэприхмэ, Iуэхушхуэкъэ, къызжьэдолъэт.

- Дызэрыпшэну щIыкIэракъым, шынэхъыщIэ, сэ зи гугъу сщIыр - дызэкIэрыщIэжауэ апхуэдиз цIыху... Уи адэм и унафэ сэ сщIыркъым, ауэ... си чэнджэщ ухуеймэ... ЗэрыпщIэщи, Бубэ мыбы щылэжьэжыркъым - институтым кIуэжыпащ...

- Ари жесIат ди адэми... «Сэ къезгъэблагъэу си шыгъупIастэ зэзгъэшхынур къулыкъуракъым - зи сэбэп къыдэкIахэращ», - жиIэри сызригъэпсэлъакъым, - щыжысIэм:

- Апхуэдэу Iуэхум еплъыр лIыфIщ. Абы и псалъи и шыгъупIасти уелъэпэуэну емыкIущ. Апхуэдэу щыхъуакIэ, тщIэнуращ, Елгъэр и къуэ. Дэ зы машинэ диIэщ. Абы из дынакIуэмэ...

- Хэт сымэ? - сыкъытреч аргуэру. БетIал къыпогуфIыкIри:

- Бубэ цIыкIу, ЩоджэнцIыкIу жыпIэми... Сэри сылIышхуэ дыдэкъыми... Дэ цIыхуищыр дыфхуэгъэхьэщIэнщ Елгъэрхэ...

- Фэ зы машини из фыхъуркъым...

- Iэу, фыщыпсэум дыщIэупщIэу Щхьэлыкъуэ дыдэмытын хуэдэу, гъуэгугъэлъагъуэ дыхуейкъэ? ЕплIанэу уэ укъытхэтIысхьэжынщи... Мобыхэм я къытегъэхьэнри зи пщэ дэзылъхьэжауэ Iуэхутхьэбзэ къысхуэзыщIэм дауэ седэуэнт? Арэзы сохъу. ЗэдухылIа пIалъэр къэсрэ, къалэм сыкъажэмэ, БетIал къысхурокъу:

- Уи жагъуэ умыщI, Кашиф, сэ сынакIуэ хъунукъым, - жеIэри си щхьэр къыфIех. - Дохъушыкъуей сымыкIуэжынкIэ Iэмал имыIэу Iуэху къыслъыкъуэкIащ...

- Ар дауэ? Дыдейхэм загъэхьэзыраузэ?.. - сыгъын къудейщ. Къалащхьэгуэжьу сызыщыгугъар, псори зытесщIыхьар нэмыкIуэмэ...

- Умыгузавэ. Сэ сыхэмытми, Iуэхур зэблэзгъэункъым.

- Уэ унэмыкIуэу... Дохъушыкъуей пщэдей укIуэж хъунукъэ? Хьэуэ жыпIэрэ, пщэдей фынэкIуэнщ Щхьэлыкъуэ...

- Абы и унафэр тщIакIэщ. Нобэ фи деж ноблагъэ Бубэ, Iэдэм, Къардэн Башир...

- Ар хэт? - зэпызоуд БетIал и псалъэр. ИкIи асыхьэту сыщIогъуэж: езыр ныщымыкIуэнукIэ, адрейр хэтми сыт хузиIуэхур?

- Ар щэнхабзэмкIэ министру ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и пIэкIэ ягъэува къудейращ. ЛIы хъарзынэщ.

«Хъарзынэ Iэджи дунейм тетщ...» согъуэмтIымэ сигукIэ.

СызэрыщыIуари къызгуроIуэж: мо нэхъыжьхэм ящIа унафэм сытеIэзэщIыхьыж хуэдэу сыхъуащ. Ар теслъэщIэж щIыкIэу:

- ЛIо иджы ди адэм жесIэнур? Псом нэхърэ нэхъыбэрэ абы зи гугъу хуэсщIар уэрати... Уэ унэмыкIуэмэ, ар сыт хуэдэу къызэшхыдэну...

- Умыгузавэ, иужькIэ си закъуэу сынэкIуэнщи, уи адэм сыбгъэдэсынщ, ауэ нобэ си Iуэхур къикIыркъым, - жеIэри и щхьэр ирехьэх. КъыщIимыкIыр къызжиIэну сэри ар хэзгъэзыхьыркъым. Ауэ, гуэныхь Тхьэм сщимыщI, щIыIэ-щIыIэу сигу къокI: «Нэхъыжьхэм, къулыкъущIэхэм ябгъэдэсыну хуэмейуэ арауэ пIэрэ?.. Хьэуэ, зиунагъуэрэ, - сигукIэ сызыхуошхыдэж. - И къуэмкIэ иIэ гуныкъуэгъуэм гукъыдэжыншэ ищIауэ аращ» - согъэзэхуэж.

- Хъунщ-тIэ. ЩымыхъукIэ, сыт тщIэн? - жызоIэ си жагъуэ дыдэу.

Алыхьыр арэзы къахухъу мо щым. НакIуэхэри, дыдейхэр ягъэгуфIауэ щытащ. Ауэ, си жагъуэ зэрыхъунщи, БетIал сыкъызэригъэгугъа «иужькIэр» къэмысурэ, си ежьэжыгъуэр къэблагъэри... АдэкIэ къэхъуар си гур къызэфIэнэурэ Iэджэрэ къэсIуэтэжащ.

Унэжьхэр зэманым ихьами, абыхэм ящыщ зым хуэдусауэ щыта тхьэусыхафэ цIыкIур (ар зэрыттхыгъар нэгъуэщI щIыпIэхэм дежи къыщысIуэтэжащ) псэ быдэ щIэхъуар сэ зэзгъэпцIам езы БетIал быдэу теIэзэщIыхьыжауэ зэрыщытаращ, ар сигу къэзгъэкIыжауэ аргуэру и гугъу щIэсщIыжми щхьэусыгъуэ иIэщ. ИIэращ...

Жьы ухъуа нэужь гъуэмтIымэрей уохъу. Уигу иримыхьыну плъагъухэм, зэхэпххэм уахуэшхыдэ зэпытщ. Сэ сыапхуэдэщ; сыкъуэгъэнапIэ фочауэщи, пщыхэм я щIыб джатэр щыщызгъэдалъэ куэдрэ къохъу. АбыкIи згъэкъуаншэр мис а пщыхэращ. Сыт щхьэкIэ? Я къекIуэкIыкIам сэри зыгуэрхэр хэсщIыкIми, абыхэм ящыщ гуэрхэм ятхыжхэмрэ къапсэлъхэмрэщ сыкъэгубжьыныр, сышхыдэныр къызыхэкIыр. Я жьыгъэм (сэри зылI къигъэщIэн къэзгъэщIащ) минрэ пщIэ хуэсщI, ялэжьа фIы гуэрхэм папщIэ уащIыщытхъуни щыIэ пэтми, сыгъуэмтIымэурэ сащIыхуэхъущIэр лIотIэ?..

Илъэс тIощI, тIощIрэ пщIым нэскIэ къулыкъушхуэ зэраIыгъар (яIыгъар пэжщ) я напщIэм телъу, батэр ягъэшу щытауэ жаIэу къаIуэтэжхэращ сыкъэзыгъэгубжьыр. Апхуэдэу щIыжысIэри?.. Апхуэдизрэ щыкъулыкъущIахэм, я псалъэхэми зыгуэр къыщикIхэм, гууз-лыуз яIэмэ, щхьэ ямыщIэрэт, ямылъагъурэт зи гугъу сщIа усэр зыхуэдгъэпса унэ пхашэжь цIыкIум щIэсу, зыгъэзапIэ зимыIэу зи гъащIэм и дахэгъуэр зыхьа икIи абы щылэжьа усакIуэшхуэ КIуащ БетIал и псэукIэр зыхуэдар? Ар хъунт, лъэпкъым къыфIэмыIуэхухэм, ямыцIыхухэм ящыщамэ. Абы заузм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэм я фэгъур жыжьэуи къызыхуэмыгъэлъэгъуахэр (къахьыфатэкъыми!) илъэс тIощIырыпщIкIэ зэрыкъулыкъущIахэр зыхуэмыухыу, я щхьэ щытхъужу, ауэ щыхъукIи, цIыхубэм я псэм хэлъми хамыхыну, фIыуэ ялъагъуу щыта усакIуэ телъыджэм и псэукIэ-щыIэкIэр зыхуэдэр къызыфIэмыIуэхуахэм ящыщ гуэрхэщ нобэ батэр зыгъэшу утыкухэм щыдэпсэлъейхэр. Абыхэм къулыкъу лъагэхэри улахуэшхуэхэри щIыхуагъэфащэхэм ящыщт ди лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм щхьэузыхь зыхуэзыщIа тхакIуэхэр, артистхэр, композиторхэр, сурэтыщIхэр зыщыпсэунрэ зыхэпсэукIынрэ яIэу я IэщIагъэм ирилэжьэныр къызэгъэпэща зэрыхъум кIэлъыплъынри.

Си мыIуэху зесхуэу Iэджэрэ сритхьэусыхэжащ ди артист нэхъыжьхэр факъырэIускIэ зэрагъэпсэуами, артистыгъэм хуеджэныр къезыхьэлIэу 1958 гъэм къэзыгъэзэжауэ щыта нэхъыщIэхэм я щхьэм къырикIуами. Зыхуеджа я IэщIагъэм ирилэжьэну а щIалэгъуалэ гуп дыгъэлым къахэкIар закъуэтIакъуэщ - зэрыпсэунрэ зыщыпсэунрэ къалъыхъуэу, я щхьэр щIахьэри ежьэжащ адрейхэр. Ахэр зыкIи бгъэкъуаншэ хъунукъым - арэфу къуаншэр ахэр зыхуей хуэгъэзэным темылэжьэфахэращ. Схуэмыухращи, КIуащым псэупIэ иIэн зэрыхуейр къызыфIэмыIуэхуахэращ. БетIал и ныбжьым нэсын хуэдизкIэ къулыкъушхуэ зэрызэрахьар зи напщIэм телъу ноби зи бгъэхэр зыгъэкIхэращ. Ауэ щыхъукIи... Сэ сщIэжым (ахэр зыщIэжу нобэ бгъуэтынур закъуэтIакъуэщ) къриубыдэу абы и хэщIапIэр зыбжанэрэ ихъуэжащ - фэтэртедзэ ягъакIуэу кърахуэкIыурэ. А хэщIапIийр зыхуэзэ щIыпIэхэри къысхуебжэкIынущ, ауэ хэт абы нобэ хуейр?..

Абыхэм жьэ яIэкъым Iэмал, хэкIыпIэ дгъуэтакъым жаIэну. Ягъуэтырт, тыншу езыхэм я псэупIэхэр щIэх-щIэхыурэ щахъуэжкIэ. Тхьэм и шыкуркIэ, зи гугъу сщIы а лъэхъэнэм щыгъуэ ди къалэр и теплъэкIи, и инагъкIи ефIакIуэ зэпытт. Уэрамхэм, хьэблэщIэхэм къыдэхутэрт фабрикэхэри, заводхэри, псэупIэ унэ зэтетышхуэхэри. ЖыпIэнурамэ, гу зылъытапхъэхэм уадэIэпыкъун папщIи хэкIыпIэхэр бгъуэтынут. Яхуэмыгъуэтыр, ямыIэр лIот? Гулъытэрэ зэхэщIыкIрэт. Ахэр апхуэдизкIэ щхьэхуещэхэти, езыхэм, я Iыхьлыхэм, я благъэхэм я пэ ирагъэщыфыртэкъым щэнхабзэм хуэлажьэхэр. КъулыкъуфI зыIыгъхэм хьэл мыгъуэу къахуинауэ ящIэр лIот? Нэхъ хьэблэфIым нэхъ унэфI зэрыдащIыхьу, я псэупIэхэр яхъуэжурэ, IэпхъуэшэпхъуэнымI «гугъу иригъэхьхэрт». Ауэ щыхъукIи, езыхэм зэрамыпэсыжу зэлъэпэуэжхэр зылъагъэсыр КIуащым хьэмэрэ егъэзыпIэ зимыIэ артистхэм хуэдэхэратэкъым - я бынхэмрэ къыдалъхуахэмрэт. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм и «фIыгъэ» сэри къызэкIауэ щытащи, аращ абыхэм зыгуэр щIыхэсщIыкIыр.

Ленинымрэ уэрамым тет унэщIэ хъарзынэхэм ящыщ зым щIэс гуэрым пэшитIу зэхэту фэтэр иIэти, ар къецIыкIуэкIыу зебжыжри... фэтэрышхуэ къыдех; ар къызыщIэкIар фэтэр хьэху щIэс сэ къызатыну сыкъагъэгугъауэ екIуэкIырти... Дуней гуфIэгъуэр диIэт; зэрыунагъуэу дыкIуэурэ дыхудэплъейрт нобэ-пщэдей дыкъыздэIэпхъуэну «ди» фэтэрым и балконым. АрщхьэкIэ ухуеятэкъэ?! Сэ сызыщIэтIысхьэну сызыщыгугъар къыхуегъанэ ар зеям и шыпхъу къуажэм кърищам... Дэ хэплъэ-хэкIыж дохъу...

Мы къезгъэкIуэкI псалъэмакъым сэри зыщыхэсIужар зылъэкIхэм зэрахьэу (нобэщи, нэхъ Iеижщ) щыта хьэгъэщагъэхэр нэхъ нэрылъагъу сщIын папщIэщ. Мис апхуэдэ напэншагъэхэр зылэжьхэм я «фIыгъэкIэщ» мы тхьэусыхафэ жагъуэр къыщIезгъэкIуэкI ди КIуащ БетIал мыгъуэм егъэзыпIэ тынш имыIэу и дуней гъащIэр щIихьари, и гъуэ нэмысу дыщIибгынари... ТхакIуэхэм я союзу ар зыщылэжьам и дунейри нэхъ щIагъуэу щыта зи гугъэхэр щоуэ.

Махуэ гуэрым ТхакIуэхэм я союзым къопсэлъыкIхэр. КIуащ БетIал и фэеплъ зэрагъэувым ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэм сыхэтыфынумэ къыщIэупщIэхэу арати, ар къыщызжаIэжым:

- Хэтыфын жыхуэфIэр сыт?! - сатокIие унэм щIэсхэм: - Сысымаджэми, зэкIэ сыпсэущ сэ. Дапщэщ щыкIуэн хуейр?

- Нобэ. Сыхьэтыр... - дыздэкIуэнумкIи сыщIэмыупщIауэ зызогъэхьэзыр. ЩIалэм и машинэмкIэ сыдишауэ гъуэгу дыздытетым, си гур къогуфIыкI икIи къогъыкI: мо къезгъэкIуэкIа къомыр си щхьэм къизэрыхьыжауэ аращ. ИкIэм-икIэжым, Тхьэм и шыкуркIэ, захуагъэм гъуэгу егъуэтыж... Ар зи жэрдэмым Алыхьым и нэфIыр къащыхуэ.

Абыхэм сыщIегупсысырат: мы Iуэхум ипэIуэкIэ си деж къэпсэлъат тхакIуэхэр дызыхэт ди союзым и унафэщI КхъуэIуфэ Хьэчим:

- Ар уэ умыщIэжмэ, КIуащ БетIал щыпсэуа унэр зыщIэж къысхуэгъуэтыркъым. А унэм фэеплъ пхъэбгъу етIулIынути... - щыжиIэм, си гур къызэфIонэ: ахьей сщIэжрэт ар. Ауэ зы пэш цIыкIу щIэсхэу БетIалрэ и щхьэгъусэ Тамарэрэ щыпсэуа унэжь пхашэр зэрыщымытыжрэ Iэджэ щIащ. Абдежым иращIыхьа унэ зэтет домбеишхуэм и блыным дауэ епIулIын, «Мыпхуэдэ илъэсым къыщыщIэдзауэ 1957 гъэ пщIондэ мы унэм щыпсэуащ усакIуэ КIуащ БетIал Ибрэхьим и къуэр» - жиIэу зытетха фэеплъ пхъэбгъу? ИкIи ар къыпхуадэну пIэрэ а унэр езыгъэщIамрэ абы щIэсхэмрэ?..

Арати, а Iуэхум гъуэгу зэримыгъуэтами мо къезгъэкIуэкIа къомми сегупсысурэ дыздэкIуэм, сыздашэм сыщIэупщIэркъым иджыри. Ауэ си нэгум щIэтщ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ хуагъэува фэеплъ дэгъуэхэм я фэгъу иджыпсту сызэрыIуплъэнур. Абы кърикIуэнур гуфIэгъуэ нэпсри щхьэрыутIыпщу си нэкIущхьитIым къежэбзэхырти, ар слъэщIыну си щхьэр къыщысIэтым, къэслъэгъуар нэгъуэщIщ: урысыкхъэм (щхьэлыкъуэдэсхэр игъащIэм арат дызэреджэр), ди зекIуапIэ гъуэгубгъум деж щыт къалэкхъэм дежалIэрт: «Мыр сыт? СыкъагъэпцIа? СымылIэ щIыкIэ сыщIалъхьэну сашэу ара?» - ауан зысщIыжыныр сымыух щIыкIэ, кхъэ дыхьэпIэ дыдэм дыIуолъадэ...

Си цIыхугъэ куэди зыхэт гупышхуэм сахохьэри, Iуэхум щыгъуазэ сохъу: БетIал хуагъэувар кхъащхьэдэсэ сыну къыщIокIри... Сэ си гугъамрэ сызрихьэлIамрэ схузэхуэгъэхъуртэкъым, уигу фIы щыщIэнт? Ауэ, сыбгъэдохьэри, гуфIэгъуэ нэпсыр шыугъэ хъуами, сын напэм Iэ дызолъэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, а сыныр езыгъэщIари зыгъэувари... щIэныгъэлI, зи тхылъ тедзапIэ зиIэ Котляров Викторт. Ар игу къызэрыкIамкIэ Алыхьыр арэзы къыхухъу... Езы щIалэми ерагъыу къыдэсшейурэ, псалъэ гуапэ жесIэну къезгъэжьа къудейуэ, зэIущIэр къызэIуахри, фIыщIэшхуэ зыхуэсщIыну си гугъам си щхьэр къыфIех:

- БетIалрэ си адэмрэ зэныбжьэгъуу щытати... - зыкъом кърегъэкIуэкI. ЖиIэхэри пэжщ: - Мыпхуэдэ сынтэкъым КIуащым хуэфащэр. Ари пэжщ. Зэманыр теуэндагъуэри, усакIуэм и сыныр фэншэ дыдэ хъуати... Ари пэж мыгъуэт. - Мурад сощI кхъащхьэдэсэ сыныр зэсхъуэкIыну... Мис апхуэдэу кърегъэкIуэкIахэм яужькIэщ сыкъыщиукIыпар: - Мы Iуэхум текIуэдэну ахъшэм щыщ къыхалъхьэн папщIэ селъэIуу куэдым захуэзгъэзащ... - Сэ дэнэ мыгъуэтIэ сыздэщыIар? Е цIыхум сыхамыбжэжрэ? - Си гум зешхыхьыж. Ауэ къэпсалъэм сыпэрыуэфыркъым. Абы зэрыжиIэмкIэ, сыным текIуэдэну ахъшэр щызэхуахьэсым (сом минипщI хуэдиз къызэрыхэкIари ибзыщIыркъым) ди тхакIуэхэм, - сэри абыхэм сащыщт, - зы цIыхум, и кIэрауэ, щай къыхилъхьакъым... - си щхьэр къыфIэхуарэ псалъэ схужымыIэу сыщытщ. Пэжщ, си нэхъыжьагъым еплъагъэнхэщ, сэри псалъэ къызата щхьэкIэ, си тэмакъыщIэм гуауэр къыщIэгъуэлъхьати, схужыIаращ:

- Упсэу, Виктор... Ауэ... Мы гукъэкIыр... зыщIын хуеяри... сыныр, зыми зыри къыхимылъхьэу, езыгъэщIын хуеяри сэрат... дахэ-дахэу цIыхум сахыхьэжыркъым... Ауэ... Мыпхуэдэ Iуэху къэрахьэжьауэ сщIакъым...

Котляров къызэрилъытэмкIэ, сщIэн хуеяуэ къыщIокI: компьютер IэмалхэмкIэ (сэ икIи симыIэмкIэ икIи зыри зыхэзмыщIыкIымкIэ) щIалэм къыхуриджат сыныр щIынымрэ абы и гъэувынымрэ текIуэдэну ахъшэр зэхуахьэсри, щхьэж игу пыкIым хуэдиз къыхилъхьэну. АрщхьэкIэ...

ТхакIуэхэм ди напэр зэрытекIар цIыхум яхэIуэныр абыкIи зэфIэкIакъым - КIуащым кхъащхьэдэсэ сыныр зэрыхуагъэува щIыкIэм теухуа хъыбархэр газетхэми нэсащ. Алыхьым къыздищIэркъэ, Виктор солъэIу:

- Уи гукъэкI дахэм щхьэкIэ фIыщIэ ин пхузощI. Ауэ... къыхэкIауэ жыхуэпIэ сом мин зыбгъупщIыр иримыкъумэ, абы щIыбгъужар зыхуэдизыр къызжеIэ, зэфIэбгъэкIа лэжьыгъэмкIэ фIыщIэ псори зейр уэращи... IуэхуфIыр щIэблэжьауэ жыхуэпIэ уи адэ Николай... Николай Васильевичи сриныбжьэгъуащ, сыдэлэжьащ.

ТхакIуэу хъуам я цIэкIэ берычэт бесын бжызоIэ. Мы Iуэхум ехьэлIа хъыбарыр гурыIуэгъуэу ящIамэ, зэхахамэ, КIуащ БетIал щхьэкIэ зи сомыжь еблэжын ди тхакIуэхэм къахэкIыну зэрыщымытам шэч къытесхьэртэкъым. Мы Iуэхур тэмэму зэремыкIуэкIамкIэ къуаншэр дэракъым - дэ хъыбар дэзымыгъэщIахэращ... Ауэ, аргуэру къытезгъэзэжу, сызэролъэIуращ: мы дунейм къытезгъэхьэнкъым... Уи щхьэкIэ хэплъхьа ахъшэр зыхуэдизыр къызжеIэж. Ар тIыхыжи си напэр... ди напэр къэтхьэщIыж... Си псэр гъэтыншыж...

АрщхьэкIэ, сыт сымыщIэмэ, сызыхигъэзэгъатэкъым; къыхэкIам езым щIигъуар щыгъэтауэ, ахъшэ бжыгъэ гуэри сIихын идатэкъым: «Iуэхур зэфIэкIащ», - жери.

Мы къытхуебгъэкIуэкIхэр пэжмэ, а псом ухэмыту, сыныр пасэу уэ щхьэ иумыгъэщIарэт жызыIэнхэри щыIэнкIэ мэхъу. АбыкIэ хэт тхьэ сигъаIуэрэ, Котляров иригъэщIам хуэдэ, - ари кхъащхьэдэсэ сын хъарзынэ пэтми, - сэ БетIал хуэзгъэфэщэфынутэкъым. ЗэрыжысIащи, сагъэлъагъуну сыздашэр КIыщокъуэмрэ Кулиевымрэ хуагъэува скульптор IэщIагъэ фэеплъхэм хуэдэ сфIэщIри, арат сыщIэгуфIар. Ауэ, пэжыр дэнэ пхьын, сэ апхуэдэхэр схуегъэщIынутэкъым. Ауэ, унэжын, кхъащхьэдэсэ сыным текIуэдар си зы мазэ пенсэщ. - Сымышхэжами, мазитI-щы пенсэ сэ БетIал хуэзгъэкIуэдыфынут: хуэзгъэкIуэдынуи схуэфащэт. АрщхьэкIэ... Ауэ сытми жаIакъым: жьым щытхъуи, щIэр къащтэ... Япэрауэ, кхъащхьэдэсэ сыным си акъыл хуэкIуатэкъым. КъимыдэкIэ, къытызогъэзэжри, БетIал хуэзгъэфэщэнум сыпэлъэщынутэкъым...

Сигу зэрызгъэфIращ: абы хуэфащэр и цIыхугъэшхуэмкIэ, зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэмкIэ, и творчествэ лъэщымкIэ езым къилэжьыжащи, абыхэм ефIэкIын фэеплъ, сэри сыхэту, зыми игъэувыфынукъым. Сэ слъэкIынуращи, фIыщIэмыгъэкIуэд хъунухэм ящыщ, фIы зыщIэф куэд къытхэкIыну Тхьэм солъэIури - Iэмин!



**Хъыбар гъэщIэгъуэн.**
*1957 гъэ, гъатхэпэ мазэ*



**Ныбжьэгъугъэм «зэрипхахэр».**
**БетIал сэмэгумкIэ щытщ.** *1950 гъэ*

● Ди лъэпкъэгъухэр


Іэпщэ Рустам и унагъуэр.


«Фыкъеблагъэ Кфар-Камэ!» - жаlэ къуажэм щыщ ныбжьыщlэхэм.

# Гур зыхуеІэм Іэр лъоІэс

**«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІащ Израилым щыІэ Кфар-Камэ адыгэ жылэм илъэситху хъуауэ щыпсэу Іэпщэ Рустамрэ и унагъуэмрэ. Ди газетым и зы тхыгъэм къызэрыщыхэдгъэщащи, Кфар-Камэ къуажэм и уэрамхэм адыгэбзэкІэ фІэщыгъэ зырыз иратыжащ. Ар хъуэпсэгъуэкъэ-тІэ: Іуащхьэмахуэ, Адыгэ, Сосрыкъуэ, Къэбэрдей, Хьэтыкъуей, Налшык, Натыхъуей, Шапсыгъ, Бжьэдыгъу нэгъуэщІ адыгэцІэхэри уи уэрамхэм тету плъагъуну!**

- УЭРАМХЭМ адыгэцІэ етыныр зигу къэкІыу лэжьыгъэшхуэ езыгъэкІуэкІар Гъуэркъуэжь Аднанщ (ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар дунейм ехыжащ), - къыддогуашэ Рустам. - Лъэпкъ Іуэхухэм гудзакъэ хуиІэу, ди анэдэлъхубзэр хамэщІ щыхъума зэрыхъунум тегузэвыхьу, ІуэхуфІхэр къызэригъэпэщу псэуащ Гъуэркъуэжьыр, ищІар псапэу Алыхьым къритыж! Къапщтэмэ, иужьрей зэманым нэхъ зыкъаужьыжауэ Кфар-Камэ жылэми Рихьэниеми лэжьыгъэ хъарзынэхэр щрагъэкІуэкІ. Апхуэдэ ІуэхущІафэхэр нэгъэса хъуныр куэдкІэ елъытащ къуажэ, хасэ тхьэмадэм. Кфар-Камэ и ІэтащхьэНэпсо Зэчреи абы и лъэныкъуэкІэ лъэкІ къигъанэркъым. Мы къуажэм нэхъыбэу зэрыщыпсалъэр шапсыгъыбзэрщ. Адыгэхэм сахэплъэнщ, я щыІэкІэ-псэукІэр зэзгъэщІэнщ жысІэу япэ дыдэ абы сыщыкІуам, мащІэуи сыкъэуІэбжьат, адыгэбзэ зэхэсх хуэдэт, ауэ зыри къызгурыІуэртэкъым. Хуэм-хуэмурэ абы сыхэгъуэзащ, симыгугъэххауэ, лэжьыгъэ ІэнатІэ къыщысхуагъэлъагъуэми, жылэм сыкъыщынащ. Кфар-Камэ инкъым, ауэ абы дыхьэу хъуар хьэщыкъ ещІ. Псом хуэмыдэу журтхэм яфІэгъэщІэгъуэныщэу зыщаплъыхь къуажэм дэт музеишхуэм. КъызэрапщытамкІэ, илъэсым и кІуэцІым абы зыплъыхьакІуэ цІыху мини 150-рэ къокІуалІэ, мынэхъыбэмэ.

Рустам ныбжьыщІэ 200-м нэблагъэ лъэпкъ къэфэкІэхэм хуегъасэ. ЕхъулІэныгъэхэр зэпымыууэ къегъэлъагъуэ «Ди псэ» къэфакІуэ гупми. Абы игъасэ цІыкІухэм я Іуэхуи хэтщ Іэпщэр гъуэгуанэ къыщІытехьа щхьэусыгъуэхэм. Ар хуейт и гъэсэнхэр программэ гуэркІэ Хэкум къишэу я зэфІэкІ игъэлъэгъуэну, щІэблэр зэхигъэплъэну, зэрыІыгъ ищІыну.

Ди хэкуэгъум зэрыжиІэмкІэ, бзэми гулъытэ хуащІу, кууэ ирагъэджыну иджы нэхъ иужь щихьащ Кфар-Камэ. «Илъэситху-хы ипэкІэ Мейкъуапэ къыщыдэкІа «Адыгэ хабзэ» тхылъыр тегъэщІапІэ ящІмэ нэхъ яфІэкъабылщ», - жеІэ абы.

Іэпщэм и гъусэт и щхьэгъусэ Нурэрэ ипхъу цІыкІу Нилирэ. Ахэри абы нэхъ гъунэгъуу дигъэцІыхуащ. Бзылъхугъэр Натхъуэхэ япхъущ. Зэгуэрым Натхъуэ зэшитІ Тыркум и Измир лъэныкъуэкІэ къикІри Кфар-Камэ щетІысэхауэ арат. Хуэмурэ лъэпкъыр къэтэджащ, Нурэ и адэр зэкъуэшиблрэ зы шыпхъурэ хъууэ щытащ. Унэгуащэм и Іыхьлы дыдэщ Къэзан и «Рубин» футбол командэм хэта, иджы ЦСКА-м щыджэгу Натхъуэ Бейбэрс. Нурэ зэрыжиІэмкІэ, дяпэкІэ лъэпкъ ІэщІагъэхэм гъунэгъу зыхуищІынущ, Кфар-Камэ жылэм дэрбзэрхэр щагъэхьэзыр гуп къыщызэрагъэпэщауэ зэхихащи, абы зыхригъэтхэну игу илъщ.

- Лъэпкъыу дыкъэнэн папщІэ, ди бзэ, щэнхабзэ тхъумэн хуейщ. Израилым щыІэ Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ жылитІым абыкІэ хьэкъ къызытранэркъым, илъэс къэс адыгэ щэнхабзэм ехьэлІауэ фестивалхэри къызэрагъэпэщ, накъыгъэм и 21-ри зыщагъэгъупщэркъым, - жеІэ Рустам. - Хэкум никІыурэ къуажэхэм нахуеблагъэ къэфакІуэ гупхэри («Нал цІыкІу», «Нэху», «Налмэс» ансамблхэр, нэгъуэщІхэри), дауи, сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэнщи, абыхэми Израилым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми фІыщІэ яхузощІ.

Іэпщэ Рустамрэ абы и унагъуэмрэ уащыІуплъэкІэ, мурад куэд зэраІэм, гукъыдэж зэрахэлъым, адыгэ Іуэхум хэлІыфІыхьыну я гур зэреІэм гу лъыботэри, я ІуэхуфІхэр къайхъулІэну ди гуапэщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**




























Кфар-Камэ и тхьэмадэ Нэпсо Зэчрей фестивалым щытекІуахэр егъэлъапІэ. *2015 гъэ*



● Каратэ

# Урысей зэпеуэр къапоплъэ

**Минеральные Воды къалэм щекІуэкІащ каратэмкІэ Ставрополь крайм и зэхьэзэхуэ зэІуха. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм я спортсменхэр.**

ИЛЪЭС 14 - 15 зи ныбжь хъыджэбз цІыкІухэм я зэпеуэм щытекІуащ Акъбащ Ищхъэрэ щыщ Мэкъуашэ Миленэ. КомандэкІэ абы и ныбжьэгъухэу Бузд Лянэрэ Щомахуэ Регинэрэ я ныбжь елъытауэ зыхэта гупхэм етІуанэ увыпІэхэр къыщахьащ. НыбжьыщІэ нэхъыжьхэм (илъэс 16 - 17) я зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ Щомахуэ Аланрэ (кг 68-рэ зи хьэлъагъ, Акъбащ Ищхъэрэ) тырныауздэс Абулькин Амиррэ (кг 68-м щІигъу зи хьэлъагъ).

Я ныбжь, хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм я зэпеуэм дыжьын медалхэр щызыІэрагъэхьащ Акъбащ Ищхъэрэ щыщ Щомахуэ Азрэт, тырныауздэсхэу Тэтрокъуэ Адил, Мухин Тамерлан сымэ. Налшык и спортсмен Даур Къантемыррэ Муртазов Маратрэ жэз медалхэр къалъысащ.

Зэхьэзэхуэм зэфІэкІ щызыгъэлъэгъуа ди спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Щомахуэ Владимир, Могилевец Евгений, Нэхущхэ Русланрэ Рустамрэ, Гуэбэшы Аслъэн, КІэмпІарэ Рустам сымэ.

Ди республикэм и каратист нэхъ лъэщхэм Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкІэ зэхьэзэхуэм Тольятти зыщыхуагъэхьэзырынущ.

**БЫХЪУРЭ Миланэ.**

● ФщІэн папщІэ

## ФаІущІэну фыхуей?

**Урысейм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІхэм цІыхухэр махуэ къэс щрагъэблагъэ Байсултановым и уэрамым тет унэ №11«а»-м.**

ПОЛИЦЭМ и къалэ къудамэ №1-мрэ (Нэгумэм и уэрам, 47) къудамэ №2-мрэ (Къэбэрдей уэрам, 193«а») цІыхухэм апхуэдэу махуэ къэс къащыІуощІэ сыхьэти 10-м къыщыщІэдзауэ. Сыхьэт 18-м щегъэжьауэ 21-м нэсыху цІыхухэр езыгъэблагъэр унафэщІхэм апхуэдэ къалэн зыщащІа къулыкъуущІэхэрщ.

Нэхъ пасэу зрагъэтх хъунущ **49-43-97** телефонымкІэ.

## Жылагъуэ егъэблэгъапІэм

**Урысейм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым егъэщІылІауэ мэлажьэ Жылагъуэ егъэблэгъапІэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар щыхьэрым щыпсэухэм къэрал кІуэцІ органхэм я зэфІэкІыр зылъэІэс Іуэхухэм хэплъэнымкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхъунырщ, жылагъуэмрэ хабзэхъумэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэнырщ.**

ЖЫЛАГЪУЭ советым хэтхэр гъубж къэс сыхьэти 10-м къыщыщІэдзауэ 14-м нэс цІыхухэм щаІуощІэ къалэ полицэм и къудамэ №1-м (Нэгумэм и уэрам, 47-нэ унэ). Нэхъ пасэу зрагъэтх хъунущ **49-43-97** телефонымкІэ.

***Урысейм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и пресс-ІуэхущІапІэ.***

# Ди сабийхэр дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу сабийхэм ящыщу 169-м фошыгъу узыр япкърытщ. Ахэр псори инсулин хуэныкъуэщ (жэщ-махуэм къриубыдэу маститхум нэблагъэ). Я узыншагъэм тэмэму кІэлъыплъыжыфын папщІэ ахэр хуейщ лъым хэлъ фошыгъуэр къызэрапщ иджырей Іэмэпсымэрэ (глюкометр) ар къагъэсэбэпыфын папщІэ тестхэмрэ.**

ДЭ ТЩЫЩ дэтхэнэ зыри щытыкІэ гугъу къихутэнкІэ хъунущ. Нобэ нэгъуэщІхэм дадоІэпыкъу, пщэдей дэ апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ дыхуеинкІэ хъунущ.

КъБР-м и Сабий фондым фІы зыщІэну хуей псоми захуегъазэ фошыгъу уз зиІэ сабий никъуэдыкъуэхэм мылъкукІэ зыщІагъэкъуэну икІи дыгъэгъазэм и 3-м, Никъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм, щыІэну «Зыщумыгъэгъупщэ, уэ уи закъуэкъым» псапащІэ Іуэхугъуэм хэтыну къыхуреджэ. Ар щекІуэкІынущ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм (Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 9).

ПсапащІэ Іуэхум хэтынухэм дыныволъэІу хъыбар дывгъэщІэну мы телефонымкІэ: **77-33-25**

● Гу зылъытапхъэ

Запасым щыІэхэмрэ зи къулыкъущІэгъуэу профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэмрэ ящыщу УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и дзэ частхэм зэгурыІуэныгъэкІэ ягъэкІуэнухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и Налшык къалэ къудамэм къыхех. Дзэ частхэм я хэщІапІэр:

- Новороссийск къалэ - 61756-нэ дзэ часть;
- Новороссийск къалэ - 42091-нэ дзэ часть;
- Ставрополь къалэ - 54801-нэ дзэ часть;
- Ставрополь къалэ - 72153-нэ дзэ часть;
- Будённовск къалэ - 11384-нэ дзэ часть;
- Мейкъуапэ къалэ - 72153-нэ дзэ часть.

Дзэ къулыкъум зэгурыІуэныгъэкІэ зэрыкІуэм теухуа упщІэхэмкІэ КъБР-м и дзэ комиссариатым и Налшык къалэ къудамэм зыхуэвгъазэ.

*И хэщІапІэр:* **Налшык къалэ, Уэлджырым и цІэр зезыхьэ уэрам, 26, 43-нэ пэш.**

*Телефоныр:* **77-25-00**

«Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм я лэжьакІуэхэр «Адыгэ псалъэм» щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **ЩхьэщэмыщІ Изэ Барэсбий и пхъум** хуогузавэ абы и адэ шыпхъу **ЩхьэщэмыщІ Феткэ Безрыкъуэ и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІуэхущІапІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкІэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1992